Къурмэн хьид махуэ лъапIэмкIэ дынывохъуэхъу!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-М И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪИДОКI

№№224-225 (21.633) ●2009 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 27, мэрем ●Тхьэмахуэм тхуэ къыдок! ● И уасэр соми 6-щ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Президентым доклад ещI.

Бэчыжь Лейлэ и псалъэ.

КIыщокъуэ Алим и пшыхь

Дыгъуасэ Музыкэ театрым Iэтауэ щагъэлъапIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, УФ-м, КъБР-м я къэрал, Къандур Иззэт, Шолохов Михаил сымэ я цIэкIэ ягъэувэ саугъэтхэм я лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и Пычыжь КIыщокъуэ Алим къыззэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъур.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Руслан** пшыхь дахэр къыззIунихри, япэу псалъэ иритащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент **Къанокъуэ Арсен.** Республикэм и Лъщхьэм ищIа докладым Iупщlу къыщыхэщащ нужьрей илъэсищэм къэбэрдей литературэм икIуа гъуэгуанэм КIыщокъуэ Алим и творчествэм лъужь дахэ къызэрыщигъэнар. Адыгэ гъащIэм и дежкIэ абы и усэхэмрэ романхэмрэ мыхьэнэшхуэ ин дыдэ зэриIэр хэт и дежкIи зэрынэрылъагъур Президентым кьигъэлъэгъуащ.

НужькIэ псалъэ зрата УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь **Парназ Анатолэ** гуапэу тепсэлъыхьащ КIыщокъуэм и Гъдакъэщlэкlэм урысейпсо литературэм зэрызыригъэужьар, ар нэхъ къулей зэращIар.

КIыщокъуэ Алим екъэлIа гукъэкIыж дахэхэмкIэ къызэхуэсахэм ядэгуэшащ Адыгэ Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, КъБР-м, КъШР-м, АР-м я цIыхубэ тхакIуэ, СССР-м, УФ-м, Адыгейм я къэрал, Шолоховым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм я цIэкIэ ягъэувэ саугъэтхэм я лауреат **МэшбащIэ Исхьакъ.**

КъищынэмыщIауэ зэIущIэм къыщыпсэуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и гуащI, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Бэчыжь Лейлэ,** Осетие Ищхьэрэ-Алание и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Ходов Камал,** «Минги Тау» журналым и редактор нэхьыщхьэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Додуев Аскэр** сымэ, нэгъэщIэхэри.

И адэм хуащIа гупсыгъэ иным папщIэ къызэхуэсахэм фыщIэ яхунщу утыку кьихьащ тхакIуэшхуэм и къуэ **КIыщокъуэ Айтэч (Александр).**

Пшыхь дахэм кьрихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар,** Правительствэм и УнафэщI **Меркулов Александр,** министрхэр, депутатхэр, кьалэ, район Iэтащхьэхэр, КIыщокъуэм и творчествэм дихьэххэр.

ЗэIущIэр ягъэдэхащ Къэбэрдей, Урыс къэрал драмэ театрхэм, Кабардинка- ансамблым я артистхэм ягъэува «Къуэ кIыззэралъхуа» литературэ-макъамэ композициэм, КIыщокъуэ Алим и псалъэхэмкIэ зэхалъхьа уэрэдхэм, усэ жьгъырухэм.

ХЬЭТАУИслъам.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

●КъБР-м и Парламентым

Унафэхэм хоплъэж

«Урысей Федерацэм щыпIэ самоуправленэ къыщыззгъэпэщыным лъабжьэ хуэхъуэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ» 131-нэ Федеральнэ законым ямыгъэзащIэу зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр ззэыгъэуIу советым хэтхэм «Урысей Федерацэм щыпIэ самоуправленэ къыщызэгъэпэщыным лъабжьэ хуэхъуэ Iэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ» 131-нэ Федеральнэ законыр ямыгъэзащIэу къыщалъытэу КъБР-м и Парламентым зэрызыхуагъэзар.

Абы къищынэмыщIауэ, УФ-м ЮстициэмкIэ и министерствэм и Управленэу КъБР-м щыIэм 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м иригъэкIа екIэ щIэныгъэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуэамкIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я гъунапкъэхэмрэ статусымрэ ятеухуауэ» 2005 гъэм мазаём и 27-м КъБР-м кьыщащта Законым, иужькIэ абы хальхьэжа зэхъуэкIыныгъэхэм, кьапщтэмэ, Бабугент къуажэм и гъунапкъэхэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэныр КъБР-м и Парламентым зэлпъэныр кьызэтегъэувыIэн «КъБР-м и гъэмахуэ хьупIэхэм я статусым теухуауэ» Законыр кьащтэху, а хьупIэхэм я гъунапкъэхэр зэгъэбелджылыхь.

Мыпхуэдэ Iуэху кьыхальхьэныр къыхэкIащ Аушыджэр, Зеикъуэ, Жэмтхьэлэ, Лэшынкъей, Щхьэлыкъуэкъуажэхэм я администрацIэхэм я Iэтащхьэхэм, Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр ззэыгъэуIу советым хэтхэм «Урысей Федерацэм щыпIэ самоуправленэ къыщызэгъэпэщыным лъабжьэ хуэхъуэ Iэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ» 131-нэ Федеральнэ законыр ямыгъэзащIэу къыщалъытэу КъБР-м и Парламентым зэрызыхуагъэзар.

Абы къищынэмыщIауэ, УФ-м ЮстициэмкIэ и министерствэм и Управленэу КъБР-м щыIэм 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м иригъэкIа екIэ щIэныгъэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуэамкIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм я хэхтыкъым Абы ебгъэщIэн. Мыр гуэныкъэхэр кьыщыпхуэгъу, Ди Щхьэщыгу и Алыхьым фIыщIэ щыхуащI гуфIэгъэуащ.

ИгъэщащI фарзэхэм тхыдэкIи нэщэнэхэмкIи яIэ мыхьэнэр фIэщхъуныгъэ зыхъэть дэтхэнэми фIыуэ ищIэн хуэйщ, кьыдиныгъ Iуэхуэхэр ззфIигъэкIыпхэ, хьэрэмыгъэ псоми зыпыIуидзэкIэрэ икIи Къэзыгъэщlэрэ Къемэт махуэмрэ къэмыланджэжу и фIэщ зэрыхъэр аргуэру зэ кьигъэлъагъуэкIэрэ, Алыхьым и нэфIыр кьыщыхуэну зэрыгугъэм кьыхэкIыу.

Мы гуфIэгъэуэр къуэпсэхмкIэ хуокIуэ Ибрэхьим бегьымбарым, Ди Щхьэщыгу ит Алыхьым и нэфIыр зыщыхуам. Алыхьым апхуэдизкIэ хуэпэжт, и фIэщхъуныгъэр интти, абы Тхьэ иIущ и кIуэ закъуэр Ди Щхьэщыгу итым кьурмэн хуищIыну. Ди Щхьэщыгу ит Алыхьым и фIэфIныгъэр игъэзэщIэну яужь щихьэм, бегьымбарым кьызэхихащ Абы и псалъэхэр: «Уэ, Ибрэхьим, сызэрыпщыгугъар бгъэпэжащ» (37-нэ сурэ, 104-105-нэ Iэятэр) икIи и кьуэм и пIэкIэ нукIыну мэл кьыхуигъэкIуащ. Апхуэдэ тыгъэм папщIэ Дыкъэзыгъэщlам фIыщIэ хуэзыщI Ибрэхьим (и ахърэтыр махуэ хуэфащ) мэлыр кьурмэн нукIащ. Тхьэм абы цIыхуэ иригъэгъэжакъым, гъэунэхуныгъэр зыхуэгъэзар нэгъэущIи: фIэщхъуныгъэ быдэмрэ Тхьэм и пащхьэм щиIэ фIэлIыкIымрэ я жуэапу хуейт мыр хьэжь ящищIи: Абы дежкIэ Iэщым иIри ирэ нэсынукъым, Абы и деж нэсынур Тхьэм и пащхьэм щывнIэ фIэлIыкIырщ».

Ди фIэщхъуныгъэмкIэ тхэгъэ быдагъыр зэриригъэнэхур ди гъащIэм кьыгуэхьпIэ зимыIэ и Iыхьэщ икIи ар щытщ Ди Щхьэщыгу ит Алыхьым дэ кьыткIэлъыпэзрихьэ захуагъэ ин дыдэр кьэзыгъэлъагъуэу. Зыгуэрхэр абы кьудлыкъуIэ, зыгуэрхэр мыхьэкуIэ, кьуелейсызыгъэкIэ, зыгуэрхэр узкIэ е узыншагъэ быдэкIэ егъэунэху - ар Алыхьым и хабзэщ.

Ди Щхьэщыгу итым кьытхуегъэувэ псэкIэ фIэщхъуныгъэр тхэпъыну, ауэ абы папщIэ мащIэщ фэрыщIу, акъылкIи гукIи щIэмыгъэбыдауэ «Сэ си фIэщ хуащIакъпIэныр. Тхухиха гъащIэр духьхукIэ гурэ псэкIэ диным дыззэрыхуэпэжыр, Ди Щхьэщыгу ит Алыхьым и жыIэм дыззэрыщIэтыр псалъэкIи IуэхукIи къэдгъэлъэгъуэн хуейщ пэжыгъэм и гъуэгум дытету икIи а гъуэгум дытезыхуну хущIэкъу шейтIаным къыткIэлъызэрихьэ хьэгъэщагъэ куэдыкIейр Iупсэм тщIыуэ.

Сэ Ди Щхьэщыгу ит Алыхьым солъэIу ди фIэщхъуныгъэр итъэбыдэну, дунейхэм я Тетым кьытхуигъэхьэзыра гъэунэхуныгъэм щIыхь пыIуу дыкъыззрыхэкIын щыIэныгъэ кьытхилъхьэну.

Ди кьурмэн, хьэж, ди лъахэгъуэхэр Тхьэм зэрелъэIу псори Ди Щхьэщыгу итым тIих икIи Ар фIыгъуэ инкIэ зыхуэупсэн дищI!

ПщIэ зыхуэсщI си къуэшхэ, си щыпхъухэ! Хуит сыкъэфщI си гум кьыбгъэдэкIыу ГуфIэгъуэ инымкIэ сынывэхъуэхъуну, насыпэ, узынщагъэ, быдагъэ, фIэщхъуныгъэ фIиэну сыззригуапэр вжесIэну! Фэри фи Iыхьлыхэри мамыру Тхьэм фигъэпсэу!

ПЩЫХЬЭПЩЭ Iэнас,

КъБР-м и мустыьмэнхэм я Iуэхущlапlэм и унафэщI.

Къурмэн махуэшхуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен цIыхухэм

Зэрызахуигъазэр

Мусльымэну дунейм тет псоми нобэ ягъэльапIэ псапэмрэ гущIэгъуэмрэ я махуэшхуэр - Къурмэныр. Си гуапэу мусльымэнхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм сохъуэхьу а гуфIэгъуэ инымкIэ.

ЦIЫХУХЭМ я гъащIэм диным щиIэ мыхьэнэм щыхэхьуэ мы лъэхьэнэм куэд елытащ цIыхубэм я хьэлащэн дахэхэр зэтегъэуцужыным, лъэпкъ, дин зэпымщIэныгъэхэр гъэтэмэныным хуэунэтIауэ кьэрал властымрэ динымрэ зэрызэдэлажьэм. Дэ пщIэшхуэ худощI а кьалэн инхэр дэгъэкIыным, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ зэпыгъэбыдэным республикэм и мусльымэнхэм халэжьхьхьым.

Нобэ сэ мусльымэнхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми сохъуэхьу узынщагъэ быдэ, мамырыгъэ, ефIэкIуэныгъэ яIэну.

●Муфтийм и псалъэ

Гуащlэмрэ гущlэгъумрэ зиlэ Алыхьым и цlэкlэ!

ЩЫТХЪУР зейр дунейр кьэзыгъэщIа Алыхьырщ, апхуэдизу фIыщIэр зыхуэфащэр Алыхьым и нэфI зыщыхуа Мухьэмэд бегьымбарымрэ сыт щыгъуи Къемэт махуэр кьэсыху абы гу кьабзэкIэ дэгъэзагурыкIуэ и дэIэпыкъуэгъуэмрэ и Iуэмэтхэмрэщ.

ДинкIэ ди кьуэш, ди щыпхъу пщIэ зыхуэтащIэ! Мусльымэн псомэ я гуфIэгъуэ нэхъ ин дыдэр кьэсащ. Мы гуфIэгъуэр и нэщэнэщ мусльымэн мелуанищэхэм Алыхьым, псори зэлъэIуу зыми емыльэIужьым, и закъуэныгъэр зэрагъэлъапIэу. Абы хуэдэ, Абы ещхьи щыIэкъым. Абы зыри кьиныхъуакъым, Езыри зыми кьиныхъуакъым икIи кьиригъэщIакъэм яхэткъым Абы ебгъэщIэн. Мыр гуэныкъэхэр кьыщыпхуэгъу, Ди Щхьэщыгу ит Алыхьым фIыщIэ щыхуащI гуфIэгъэщ.

ИгъэщащI фарзэхэм тхыдэкIи нэщэнэхэмкIи яIэ мыхьэнэр фIэщхъуныгъэ зыхъэть дэтхэнэми фIыуэ ищIэн хуэйщ, кьыдиныгъ Iуэхуэхэр ззфIигъэкIыпхэр, хьэрэмыгъэ псоми зыпыIуидзэкIэрэ икIи Къэзыгъэщlэрэ Къемэт махуэмрэ къэмыланджэжу и фIэщ зэрыхъэр аргуэру зэ кьигъэлъагъуэкIэрэ, Алыхьым и нэфIыр кьыщыхуэну зэрыгугъэм кьыхэкIыу.

Мы гуфIэгъэуэр къуэпсэхмкIэ хуокIуэ Ибрэхьим бегьымбарым, Ди Щхьэщыгу ит Алыхьым и нэфIыр зыщыхуам. Алыхьым апхуэдизкIэ хуэпэжт, и фIэщхъуныгъэр интти, абы Тхьэ иIущ и кIуэ закъуэр Ди Щхьэщыгу итым кьурмэн хуищIыну. Ди Щхьэщыгу ит Алыхьым и фIэфIныгъэр игъэзэщIэну яужь щихьэм, бегьымбарым кьызэхихащ Абы и псалъэхэр: «Уэ, Ибрэхьим, сызэрыпщыгугъар бгъэпэжащ» (37-нэ сурэ, 104-105-нэ Iэятэр) икIи и кьуэм и пIэкIэ нукIыну мэл кьыхуигъэкIуащ. Апхуэдэ тыгъэм папщIэ Дыкъэзыгъэщlам фIыщIэ хуэзыщI Ибрэхьим (и ахърэтыр махуэ хуэфащ) мэлыр кьурмэн нукIащ. Тхьэм абы цIыхуэ иригъэгъэжакъым, гъэунэхуныгъэр зыхуэгъэзар нэгъэущIи: фIэщхъуныгъэ быдэмрэ Тхьэм и пащхьэм щиIэ фIэлIыкIымрэ я жуэапу хуейт мыр хьэжь ящищIи: Абы дежкIэ Iэщым иIри ирэ нэсынукъым, Абы и деж нэсынур Тхьэм и пащхьэм щывнIэ фIэлIыкIырщ».

Ди фIэщхъуныгъэмкIэ тхэгъэ быдагъыр зэриригъэнэхур ди гъащIэм кьыгуэхьпIэ зимыIэ и Iыхьэщ икIи ар щытщ Ди Щхьэщыгу ит Алыхьым дэ кьыткIэлъызэрихьэ захуагъэ ин дыдэр кьэзыгъэлъагъуэу. Зыгуэрхэр абы кьудлыкъуIэ, зыгуэрхэр мыхьэкуIэ, кьуелейсызыгъэкIэ, зыгуэрхэр узкIэ е узынщагъэ быдэкIэ егъэунэху - ар Алыхьым и хабзэщ.

Ди Щхьэщыгу итым кьытхуегъэувэ псэкIэ фIэщхъуныгъэр тхэпъыну, ауэ абы папщIэ мащIэщ фэрыщIу, акъылкIи гукIи щIэмыгъэбыдауэ «Сэ си фIэщ хуащIакъпIэныр. Тхухиха гъащIэр духьхукIэ гурэ псэкIэ диным дыззэрыхуэпэжыр, Ди Щхьэщыгу ит Алыхьым и жыIэм дыззэрыщIэтыр псалъэкIи IуэхукIи къэдгъэлъэгъуэн хуейщ пэжыгъэм и гъуэгум дытету икIи а гъуэгум дытезыхуну хущIэкъу шейтIаным къыткIэлъызэрихьэ хьэгъэщагъэ куэдыкIейр Iупсэм тщIыуэ.

Сэ Ди Щхьэщыгу ит Алыхьым солъэIу ди фIэщхъуныгъэр итъэбыдэну, дунейхэм я Тетым кьытхуигъэхьэзыра гъэунэхуныгъэм щIыхь пыIуу дыкъыззрыхэкIын щыIэныгъэ кьытхилъхьэну.

Ди кьурмэн, хьэж, ди лъахэгъуэхэр Тхьэм зэрелъэIу псори Ди Щхьэщыгу итым тIих икIи Ар фIыгъуэ инкIэ зыхуэупсэн дищI!

ПщIэ зыхуэсщI си къуэшхэ, си щыпхъухэ! Хуит сыкъэфщI си гум кьыбгъэдэкIыу ГуфIэгъуэ инымкIэ сынывэхъуэхъуну, насыпэ, узынщагъэ, быдагъэ, фIэщхъуныгъэ фIиэну сыззригуапэр вжесIэну! Фэри фи Iыхьлыхэри мамыру Тхьэм фигъэпсэу!

ПЩЫХЬЭПЩЭ Iэнас,

КъБР-м и мустыьмэнхэм я Iуэхущlапlэм и унафэщI.

●КъБР-м и Правительствэм

Бюджетым топсэлъыхь

КъБР-м и Правительствэм и дыгъуасэрей зэIущIэм Iуэхугъуэ 12-м щыхэплъащ. Ар иригъэкIакIащ абы и Унафэщl Меркулов Александр.

ЗЭХЫЛХЬЭМ яIэу щытепсэлъыхьащ 2009 гъэм и мазэ 9-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхьуам теухуауэ Финансхэмкlэ министр Бышэн Азрэт ищIа докладым. Абы кьыхигъэща Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэмрэ кьигъэлъэгъуа бжьыгъэхэмрэ зэпкърахьа нэужь, ар унафэкIэ щIагъэбыдащ, нэгъэущIу зыхэплъаухэми арэзы техьащ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэхэу **Тхьэлъэплъыкъ Мурат, Уянаев Казым** , министрхэр, Къэрал комитетхэм я нэхъыжьхэр, кьалэ, район администрацIэхэм я Iэтащхьэхэр, ирагъэблагъа кьулыкъущIэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Аруан куей

Вэн-сэныр яух

Аруан куейм мы зэманым ирихьэлIэу щIы гектар мини 3-м щIигъу щащ.

АБЫ ЩЫЩУ гектар 2265-р ягъэщабэщ, щIыгъэпшэр халъхьэри гуэдзрэ хьэпцIийрэ трасащ. Дунейр щIыIэ къэмыхъу щIыкIэ ягъэкIри гектар 2600-м нэблагъэ зыхуэ хуагъэзэну я мурадщ. Мы гъэм щIы нэхъыбэ бжьыхьэсэ гъавэм хуэхэзыхахэм ящыщщ Аруан, Джэрэмэншык, Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Хэхыныгъэхэр екIуэкIыну?

Взэсмахуэ журналистхэм зэражриIамкIэ, палестинхэм я лъэпкъ администрацIэм и Iэтащхьэ Аббас Махьмуд и кьулыкъым зэрыпэрытынур хэхыныгъэхэр екIуэкIыхуй.

- Iуэхур сыт хуэдэу кьемыкIэрэхьуэкIми, а хэхыныгъэхэр екIуэкIынущ икIи абы иужькIэ сэ мы кьулыкъым и Iуэху зесхуэжынукъым, - жиIащ абы.

Газэ секторыр зыIэщIэлъ ХАМАС зэщIэхъеенигъэр арэзыкъым хэхыныгъэхэм ехьэлIауэ Аббас кьищта унафэмкIэ, икIи жеIэ Iэ зыIэтыну кIуэ дэтхэнэми тезыр хьэлъэ трильхьэну. ХАМАС-м къельытэ Аббас Махьмуд апхуэдэ унафэ кьищтэну хуимыну, тетыгъэ пIалъэ 2009 гъэм щыкIыпIэм и 9-м икIа-уэ. Езы палестинхэр зэгурымыIуэжауэ а хэхыныгъэхэр ебгъэкIуэкI мыхьуну кьеГъэув ХАМАС-м.

Мы махуэхэм

Щэкlуэгъуэм и 27, *мэрем*

♦Урысейм и хы-лъэсырыдзэм и махуэщ

●●●

♦Минск (Белоруссие) щызэхэтынущ Евразием и экономикэ зэгухьэныгъэм (ЕВРАЗЭС) хэт къэралхэм я советым и зэIущIэ. Зэхуэзэнур къэрал лIыщхьэхэращ.

♦ЩэкIуэгъуэм и 27 - 28-хэм Москва щекIуэкIынущ нанотехнологиер лыих узыр гъэхъужынымкIэ сэбэн зэрыхъум теухуа щIэныгъэ конференц.

♦Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 14-м, кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 34-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 20-рэ.

Щэкlуэгъуэм и 28, *щэбэт*

♦1943 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр партизан гуп Жэмтхьэлэ Ипщэ щыIэ нэмыцэ быдапIэм теуащ икIи хэщIыныгъэшхуэ иратащ.

♦Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 15-м, кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 33-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 18-рэ.

Щэкlуэгъуэм и 29, *тхьэмахуэ*

♦Палестин лъэпкъым кьыщIэхьэщIыжыным и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм Анэм и махуэр щагъэпIащ.

♦1917 гъэм Цlагъуэ Нурийр Дым Iэдэмрэ «Адыгэ макъ» газетым и япэ номерыр Бахьсэн къыщыдагъэжащ.

♦Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 16-м, кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 32-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 16-рэ.

Щэкlуэгъуэм и 30, *блыщхьэ*

♦1939 гъэм совет-фин зауэм щIидзащ. Ар екIуэкIащ 1940 гъэ пщIондэ. Гъатхэпэм и 12-м иухащ, къэрал гъунапкъэщIэхэр къызэрыкуэнущхьэ зэгурыIуэныгъэ зэращIыпIэри.

♦1994 гъэм УФ-м и Президент Ельцин Борис Iэ щIидзащ Шэшэн Республикэм и щIыналъэм Конституциэм игъэув законэр щызэтегъэувэжьыным теухуа унафэм.

♦ЩэкIуэгъуэм и 30 - дыгъэгъаэм и 2-хэм Женевэ щызэхуэзэнущ Дунейпсо гату хьэныгъэм (ВТО) хэт къэралхэм я министрхэр.

♦Атом къэрыкIыным и дунейпсо агентствэм (МАГАТЭ) и Генеральнэ унафэщI Мухаммед аль-Барадеи и кьулыкъым токI, пIалъэр зэриухам кьыхэкIыу. А кьулыкъым тоув Японием щыщ Юкия Аканэр.

♦1571 гъэм Къэбэрдей пщы уэлий Идар Темрыкъуэ дунейм ехьжащ.

♦1990 гъэм Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр кьызэрагъэпэщащ.

♦Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 18-м, кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 32-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 14-рэ.

ПIалъэр зыхъуэжьыр **ГЪУЩIО Зарифи.**

Къурмэн хьид махуэ лъапIэмкIэ дынывохъуэхъу!

Фыгъуэм я нэхъыщхьэр зэгурыIуэщ.

Поликлиникэ кьызэIуах

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЫМ и пресс-Iуэхущlапlэм кьызэритамкIэ, щIыпIэ правительствэм иджыблагъэ щIекIуэкIа зэIущIэм щIыналъэм и унафэщI Эбзеев Борис тKIийуэ щыжиIащ жьэн узым щеIэзэ поликлиникэ яуэхуэну кърахьэжьар и кIэм нагъэсыну, ар сымаджэщым хагъэхьэну.

IэщlагъэлъэкIэм кьызэрыхагъэщамкIэ, ухуэныгъэхэр зэфIэкIащ, иджыпсту абы коммуникацэхэр ирашалIэ.

Илъэсищэмкlэ йохъуэху

АДЫГЕЙ. *Республикэм и президент Тхьэкlущынэ Аслъэнджерий иджыблагъэ гуапэу екIуэхуэщащ икIи тыгъэ лъапIэ иритащ Куэшхьэблэ куейм хьалэ Шелковиковэ жылагъуэм щыщ Рачевэ Анастасие илъэсищэ зэрырикъуам кьыхэкIыу.*

АДЫГЕЙМ и президентым и пресс-Iуэхущlапlэм кьызэритамкIэ, я ныбжьыр илъэсищэм щIхьэдэхащэ республикэм цIыху 15 щопсэу икIи абыхэм псоми къэралым и нэIэ ятригъэт зэпытщ.

ХЬЭЩЫКIУЕЙ Олег.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэ

Ешэщlанэ джэгугъуэ «Спартак-Налшык» - «Тэрч» *(Грозный)*

Налшык. «Спартак» стадион. *Щэкlуэгъуэм и 29-м. Сыхьэт 14-м.*

● Гу зылъытапхъэ

Къурмэн махуэм пощтым и Iуэхущlапlэхэр зэрылэжьэнур

Пощт зэпыщIэныгъэм и къудамэм и Iуэхущlапlэхэу 1-нэ, 2-нэ классхэм хиубыдэхэр, тхьэмахуэ махуэм зэрылажьэм хуэдэу, сыхьэти 8-м щыщIэдзауэ сыхьэт 14-м нэсыху, зэIуахуэ щытынущ.

3-нэ, 4-нэ, 5-нэ классхэм хиубыдэ Iуэхущlапlэхэм я лэжьакIуэхэм щэкIуэгъуэм и 27-р я зыгъэпсэхугъуэ махуэщ.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэдзкIакIуэ лъапIэхэр!

Фигу кьыдогъэкIыж 2010 гъэм и япэ иткIэс ныкъуэм кьыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэнкIэ зэрекIуэкIыр.

ИткIэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэлIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щIегъэдзэ хьунущ республикэм и пощт Iуэхущlапlэ псоми.

Ди индексыр 51531

Зэlущlэхэр | Ди псалъэгъуэхэр | Фэеплъ

КЪЭБЭРДЕЙ

Гъуэзджэ | Щбгъ кьыджкIыгъуэ | Малъхъэдис

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм (Урысей Федерацэ) и Правительствэмрэ Азербайджан Республикэм и Правительствэмрэ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабэз IэнатIэхэм щыздэлажьэным теухуауэ зэращIылIа

ЗэгурыIуэныгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм (Урысей Федерацэ) и Правительствэмрэ Азербайджан Республикэм и Правительствэмрэ, адэкIэ Лъэныкъуэхэу къыщыгъэлъэгъуахэр,

Зэныбжьэгъуным, зэдэлэжьэным, шынагъуэншагъэ къызэрэпэщыным теухуауэ 1997 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м Урысей Федерацэмрэ Азербайджан Республикэмрэ зэращылIа зэгурыIуэныгъэм, 2010 гъэм зыужьыным и IэнатIэм щызэдэлажьэнымкIэ 2002 гъэм щышылэм и 25-м Урысей Федерацэмрэ Азербайджан Республикэмрэ зэращылIа зэгурыIуэныгъэм ыкIи щыщIэныгъэлъэгъуахэм тету,

сату, экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм лъэныкъуитIыр зэрыщызэдэлажьэр нэхъ куу щIынымрэ абы зегъэубгъуэнымрэ зэрыхуIэкъур къалъытэу,

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ (Урысей Федерацэ) Азербайджан Республикэмрэ яIэ экономикэ, производствэ, финанс, мылъку, щIэныгъэ, щэнхабзэ Iэмалхэр сэбэп нэхъыбэ пылъу къызэрыгъэсэбэпыпхъэр къагурыIуэу,

хьарычэт лэжьыгъэм зыщIэзгъэкъуэнымрэ абы зегъэужьынымрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ (Урысей Федерацэ) Азербайджан Республикэмрэ я щIыналъэхэм хозяйствэ зезыхьэ субъектэу щатахэм (адэкIэ - хозяйствэ зезыхьэ субъектхэм) я зэпыщIэныгъэм зэтегъэуэным гулъытэ хэха хуащIу,

экономикэм и IэнатIэм нэхъ зыубгъуауэ, зэIуахуэ, захуагъэ хэлъу щызэдэлажьэным егупчъупхъэу зэрыщыстыр къагурыIуэу,

мы къыкIэлъыкIуэхэмкIэ зэгурыIуащ:

1 статья

Дэтхэнэми и сэбэп хэлъу, зэгурыIуэу, дзыхь зохуащIу икIи Урысей Федерацэм и законодательствэмрэ Азербайджан Республикэм и законодательствэмрэ тету ЛъэныкъуэхэмкIэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм зэман кIыхьым тещIыхьауэ зэрыщыздэлажьэм.

2 статья

Езыхэм я компетенцэм къриубыдэу ЛъэныкъуэхэР толажь, я къызэгъэпэщыкIэмрэ зи мылькумрэ емылIытауэ, хозяйствэ зезыхьэ субъектхэм Урысей Федерацэм и законодательствэмрэ Азербайджан Республикэм и законодательствэмрэ яIыкIи атIэ зэращIылIэ зэгурыIуэныгъэхэр и лъабжьэу ахэр зэпыщIауэ щытыным.

Зэрызэхъуэжну хьэпшыпхэр, зэфIагъэкIыну Iуэхутхъэбзэхэр зыхуэдизыр, ахэр зыхуэдэр, я уасэр, апхуэдэу ахъшэр зэрызэIэпах щIыкIэр хозяйствэ зезыхьэ субъектхэм зэращIылIэ зэгурыIуэныгъэхэм къыщагъэлъагъуэ. Апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэм щыгъуэ вакъэнхэр зэрагъэзащIэмкIэ Лъэныкъуэхэм жэуап яхьыркъым.

3 статья

Езыхэм я компетенцэм къриубыдэу ЛъэныкъуэхэР толажь экономикэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыщыгъэпщапщэм псоми я сэбэп хэлъу икIи зэпIэзэрыту зэман кIыхькIэ зегъэужьыным.

Гулъытэ хэха хуащI машинэхэр къыщIэзыгъэкI, щыдагъэ-химие, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексхэм, металлургие фIыцIэмрэ металлургие цIуугъэнэмрэ, ухуэныгъэм, связым, информатизацэм, мэкъумащI хозяйствэм и IэнатIэхэм зэрыщыздэлажьэм зегъэужьыным.

4 статья

ИнформацэкIэ зэхъуэжэныр, жармыкIэхэр, IэпыщIауэ зэныбжьэгъуэ зэщIыгъуэ къызэгъэпэщыныр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ (Урысей Федерацэ) Азербайджан Республикэмрэ я щIыналъэхэм къыщыщIагъэкI товархэмрэ щызэфIагъэкI Iуэхутхъэбзэхэмрэ зэщIыгъуу пхыгъэкIыныр и лъабжьэу ЛъэныкъуэхэМ Урысей Федерацэм и законодательствэмрэ Азербайджан Республикэм и законодательствэмрэ тету къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэм я лъэныкъуэкIэ зэрызэдэлажьэм зрагъэужь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм (Урысей Федерацэ) и Правительствэ

5 статья

Езыхэм я унафэр здынэсым кърибудзу ЛъэныкъуэхэР предприятэхэр реконструкцэ щIыным, ахэр къэгъэщIэгъэкIынымрэ, IэнатIэщIэхэр къызэрэпэщыным хуэунэтIауэ зэщIыгъуу зэхалъхьа инвестицэ проектхэр пхыгъэкIыным толажь, апхуэдэу Урысей Федерацэм и законодательствэмрэ Азербайджан Республикэм и законодательствэмрэ япкъ иткIэ ЛъэныкъуэхэМ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэм кърибудзу нэгъуэщI мылькухэр къызэщIэгъэуIуэным гулъытэ хуащI.

6 статья

Езыхэм я унафэр здынэсым кърибудзу ЛъэныкъуэхэР толажь мы Зэгурыуэныгъэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ щIэныгъэ-техникэ, экономикэ, правовой, кIэнэмыщI информацэмкIэ зэхъуэжным.

Мы Зэгурыуэныгъэм ипкъ иткIэ ЛъэныкъуэхэМ языхъэм къыIэрыхьа информацэр ещанэ лъэныкъуэм ирит зэрыхъунур къэралитым я законодательствэм къэзыIуиц икIи информацэр къызыбгъэдэкIа ЛъэныкъуэР зэрыарэзыр тхыгъэкIэ къигъэлъэгъуа нэужьщ.

7 статья

ЛъэныкъуэхэР толажь лъэныкъуитIми я предприятэхэр, организацэхэр, Iэхуцlалlэхэр щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хьумэным, щIалэгъуалэ политикэм, туризмэм, спортым, социально-щэнхабзэ ГъащIэм и адрей IэнатIэхэм яхуэгъэзауэ зэрызэпыщIар гъэбыдэным.

8 статья

Урысей Федерацэм и законодательствэмрэ Азербайджан Республикэм и законодательствэмрэ тету ЛъэныкъуэхэР толажь сату унэхэмрэ сату Iуэхущlапlэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ (Урысей Федерацэ) Азербайджан Республикэмрэ я щIыналъэхэм къыщызэIухыным.

9 статья

Лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIыр унэтIым, мы Зэгурыуэныгъэр зэрагъэзащIэм кIэтыплъын, тIуми я сэбэп зыхэлъ Iуэхуэхэм ятеуухуауэ зэчэнджэщым мурадкIэ ЛъэныкъуэхэМ зэныкъэкъуэр ЛъэныкъуэхэМ дагъэкI зэпсэльэнымрэ зэчэнджэщынымрэ я лъабжьэу.

ЛъэныкъуэхэР зэдзэарэзыуэ мы Зэгурыуэныгъэм зэхъуэжкIынымрэ зэхъуэ халъхьэ хьунущ, ахэр протокол щхьэхуэу ятхыжри къэгурыуэт мы Зэгурыуэныгъэм и 11 статьям кIыхьэрыщыгъэльэгъуам хуэдэу.

11 статья

Мы Зэгурыуэныгъэм къару егъуэт абы папщIэ зыхуэину лэжьыгъэ псори дэтхэнэ ЛъэныкъуэмИ зэрызыфIигъэкIам теухуауэ иужь дыдэу тхыгъэкIэ щIэзэхъуэжа махуэм щегъэжьауэ.

Мы Зэгурыуэныгъэр илъэситху пIалъэкIэ зэращIылIа. Абы и пIалъэм аргуэру илъэситхукIэ къыпещэ Зэгурыуэныгъэр зытещIыхьа лъэхъэнэр иухыным мази 6 нэхъри мынэхъ мащIэ иIэжу Зэгурыуэныгъэм пимыщIэну мурад зэрищIам теухуауэ зы Лъэныкъуэм адрейм тхыгъэкIэ хъыбар иримыгъэщIамэ.

Баку къалэм экземпляритIу, дэтхэнэри урысыбзэрэ азербайджаныбзэкIэ тхауэ, бзитIми зэхуэдэ къару иIэу щызэращIылIащ 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м.

Азербайджан Республикэм и Правительствэ

2009 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м кIыщыщIэдзауэ 20-м нэсыхь БлБР-м и Президентым и интернет-Iуэхущlапlэм тхыгъэу 118-рэ Iэрыхьащ. Ахэр зи Iэдакъэщlэкlэм ящыщ куэдыр - процент 25-р зыгъэгъэзэрэ псэупIэ Iуэхурщ. Процент 18-р Iуэхущlапlэ зэмылIужьыгъуэхэм я Iуэху зехьэкIэм тохъущIыхь, процент 16-м къэIэт ЖКХ-м игъэзэщIэн хуэгъэкъуэнымрэ, процент 7-р хуейщ лэжьапIэ увыну. Егъэжьанэгъэ, узыншагъэр хьумэн IэнатIэхэм теухуа тхыгъэхэрэр щыIэщ. МащIэкъым ди республикэм и гъащIэм кIыщыхьу зэхъуэкIыныгъэфIагъэм папщIэ КъБР-м и Президентым фIыщIэ хуэзыщIхэрэ.

АЛЪТУД къуажэм щыпсэу Къэжэр Альберт къэлъэIуащ «Прохладнэ-Налшык» гъэзгум ав тобус трагъэувэжыну. КъБР-м Транспортымкlэ, связымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр Сунш Ануарбий хъыбар кIыдигъэщIащ Альтуд, Бахьсэнэнкэ къуажэхэм щыпсэуэгъэ зыщIэлъэIур кьалъытэу я жылагъуэхэм автобусхэр щыблэкI зэманыр щIэрыщIэу зэрагъэбелджылыжамкIэ. Кьэжэрым, зи гугъу ищIа гъэугъэнэм 2009 гъэм и щэкIуэгъуэм къыщыщIэдзауэ цIыхухэр къыщрешэкI «ПАЗ» автобусым.

Тырныауэ къалэм щыщ Поддубная Ольгэ кьетх Iуащхьэмахуэ проспектым тет 33-нэ унэм и щхьэр абы щыпсэухэм езыхэм я кIаркIэ зэрызэрамыгъэпщIыкIыфынур - лэжьыгъэхэр сом мин 200 и уасэщ. Iуащхьэмахуэ куейм и администрацэм и Iэтащхьэ Сотгаев Къурмэн къыджиIащ «Iу эхуэхэр зезыхь Ж ЖУ №4 компание» ООО-м я унащхьэр махуипщI пIалъэм кьитIаСэу зэрыэрихьэжкIынур.

Псынокъуэ Мурат КъБР-м и Президентым фIыщIэ хуищIащ республикэри езыр щыпсэу Щэджэм кьалэри зыкъызэрыщIэращэм папщIэ. Абы кьыдэкIуэуи ар лъэIуащ нэщхьэгъуэ кьыщыхъукIэ автомашинэ куэд зэрызэтрихьэм кьыхэкIыу, кхъэм и гъунэгу автомобиль гъэувыпIэр зыхуей жагъэзэну. Куейм и администрацэм и Iэтащхьэ Мамбэт Михаил хьыбар кьыдигъэщIащ мы зэманым ирихьэлIэу Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамыр хуабжьу зэрырагъэфIэкIуамкIэ, кхъэм и гъунэгу автомобиль гъэувыпIэми асфальт зэрырагъэхьамкIэ.

Бын куэд зи закъуэу зыпI лым, Камменомост щыщым, псэупIэ Iуэхукэ КъБР-м и Президентым зыхуигъэзащI. Жагъуэр зыщIэс унэр кьхьаэ хьуащ. Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт и псалъэхэм тепщIыхьмэ, «Ветеранхэу, ныкъуэдыкъуэжхэу, сабий ныкъуэдыкъуэ зиIэ унагъуэхэу 2005 гъэм щыщыIэм и 1-м и пэкIэ учетым уваэхэр псэупIэкIыр зэхъэнчыным мылъку щIагъуэ трагъэкIуэдакъым. Аращи, хозяйствэхэм я деж щIыIэ псысыщIэгъэпъадэ системэм и процент 80-р зэкадыгъуащ, зэкаIутащ е жьы дыдэ хъуащи, мыхьэнэ зэрагъэж щIыIэкъым.

- Хозяйствэхэм екIуалIэ псыкхъуафэхэр-щэ?

Х. В.: - Хозяйствэхэм екIуалIэ системэхэр тхъумэну тхуэзэфIэкIащ. Арщхьэкlэ абы-хэм итлъэс къэс ятекIуадэ мылъкур къанэ щымыIэу къызыхэкIыр федеральнэ бюджетым и закъуэщ. Ар и къыбжьи щымыIэу У Ф-м и Правительствэм иригъэкIуэкIа зызыубгъуа зэлуIэр. «2020 гъэ пщIондэ Урысей Федерацэм и псы унэтIыныгъэхэм» теухуауэ къащта программэм зэкIэлъыкIуэ щыгъуэ псыщIэгъэпъадэ системэр къэралым зэрыщыкъэфIагъэужьынур. Абы дэри жьыдэжьру дыдэрыхэтынум шэч хэтъкъым. Ар жаIэу къызэрымыкнэжынум и щыхьэтщ а Iуэхум федеральнэ бюджетым къызэрэIэкIыну сом мелард 800 зэрыхухахынум.

Н. З.: - Нужьрей илъэсхэр щыхьэт зэрытехьэущи, щIыр гудзакъэ зиIэ мэкъумэщыщIэм Iэрымыхьэжауэ, ар къэралым и кIэлъыплъыныгъэм щIэмыгъэзыужьауэ, хьер щыIэнукъым. КуэджэщIхэр нобэ зыIэщIэтъхэм, абыхэм я унафэщIхэм я нэхъыбэр зыхущIэкъур абы и зехьэнымрэ зыхьумэни хуейр. АрщхьэкIэ хозяйствэхэм я унафэщIхэм ар къафIэ-Iуэхуркъым.

Абы щыгъуэми «Мелиорацэм и Iуэхукlэ» щыIэ Федеральнэ законым Iупщу къыщыпъэтъэгъуащ псыщIэгъэпъадэ системэр хьыссэпыIэзыуд, абы екъэлIа Iэмэпсымэхэр зэхэзыдгъуэхэм тезыр ткIий къаззрытехуэрикIи хабзэмкIэ жэуап зэрахьыр. КъащIэтэмэ, псыщIэгъэпъадэм зэран хуэхъу гъуэгуэкр щаухуэкIэ, телефон, уэздыгъ кIапсэхэр, бжьамиихэр щIым щыщIалъхьэкIэ, Iэмал имыIэу ар зей хозяйствэхэм гурыIуэн хуейщ. КьищынэмыщIауэ, Iэмэпсымэхэр тэмэму зезымыхьэхэм, ахэр хэзыгъэкIуэджэхэм я псыуды кIат охуэ, зыдыгъуэхэм уголовнэ жэуап яхь. А псори щIащIэжьыр жылагъуэм и ерыскъы шынагъуэншагъэр яхьумэн папщIэщ.

- Гур къыщIэзыубыдэн псыщIэгъэпъадэ Iуэхум хэмыдыжу ара-тIу?

Х. В.: - Апхуэдэу схужьыIэнукъым. Сыт хуэдиз гугъуехь дыхэтми, псыщIэгъэпъадэ системэр зэрызэфIэдгъэувэжыным дыхущокъу. АбыкIэ щIэтгъэкъуэнщ мы гъэм и мэкъуаэгъуэр мазэм У Ф-м и Правительствэм иригъэкIуэкIа зызыубгъуа зэлуIэр. «2020 гъэ пщIондэ Урысей Федерацэм и псы унэтIыныгъэхэм» теухуауэ къащта программэм Iупщу щыгъэуващ псыщIэгъэпъадэ системэр къэралым зэрыщыкъэфIагъэужьынур. Абы дэри жьыдэжьру дыдэрыхэтынум шэч хэтъкъым. Ар жаIэу къызэрымыкнэжынум и щыхьэтщ а Iуэхум федеральнэ бюджетым къызэрэIэкIыну сом мелард 800 зэрыхухахынум.

Н. З.: - Нужьрей илъэсхэр щыхьэт зэрытехьэущи, щIыр гудзакъэ зиIэ мэкъумэщыщIэм Iэрымыхьэжауэ, ар къэралым и кIэлъыплъыныгъэм щIэмыгъэзыужьауэ, хьер щыIэнукъым. КуэджэщIхэр нобэ зыIэщIэтъхэм, абыхэм я унафэщIхэм я нэхъыбэр зыхущIэкъур абы и зехьэнымрэ зыхьумэни хуейр. АрщхьэкIэ хозяйствэхэм я унафэщIхэм ар къафIэ-Iуэхуркъым.

Абы щыгъуэми «Мелиорацэм и Iуэхукlэ» щыIэ Федеральнэ законым Iупщу къыщыпъэтъэгъуащ псыщIэгъэпъадэ системэр хьыссэпыIэзыуд, абы екъэлIа Iэмэпсымэхэр зэхэзыдгъуэхэм тезыр ткIий къаззрытехуэрикIи хабзэмкIэ жэуап зэрахьыр. КъащIэтэмэ, псыщIэгъэпъадэм зэран хуэхъу гъуэгуэкр щаухуэкIэ, телефон, уэздыгъ кIапсэхэр, бжьамиихэр щIым щыщIалъхьэкIэ, Iэмал имыIэу ар зей хозяйствэхэм гурыIуэн хуейщ. КьищынэмыщIауэ, Iэмэпсымэхэр тэмэму зезымыхьэхэм, ахэр хэзыгъэкIуэджэхэм псыуды кIат охуэ, зыдыгъуэхэм уголовнэ жэуап яхь. А псори щIащIэжьыр жылагъуэм и ерыскъы шынагъуэншагъэр яхьумэн папщIэщ.

- Гур къыщIэзыубыдэн псыщIэгъэпъадэ Iуэхум хэмыдыжу ара-тIу?

Х. В.: - Апхуэдэу схужьыIэнукъым. Сыт хуэдиз гугъуехь дыхэтми, псыщIэгъэпъадэ системэр зэрызэфIэдгъэувэжыным дыхущокъу. АбыкIэ щIэтгъэкъуэнщ мы гъэм и мэкъуаэгъуэр мазэм У Ф-м и Правительствэм иригъэкIуэкIа зызыубгъуа зэлуIэр. «2020 гъэ пщIондэ Урысей Федерацэм и псы унэтIыныгъэхэм» теухуауэ къащта программэм зэрызэфIагъэужьынур. Абы дэри жьыдэжьру дыдэрыхэтынум шэч хэтъкъым. Ар жаIэу къызэрымыкнэжынум и щыхьэтщ а Iуэхум федеральнэ бюджетым къызэрэIэкIыну сом мелард 800 зэрыхухахынум.

Н. З.: - Нужьрей илъэсхэр щыхьэт зэрытехьэущи, щIыр гудзакъэ зиIэ мэкъумэщыщIэм Iэрымыхьэжауэ, ар къэралым и кIэлъыплъыныгъэм щIэмыгъэзыужьауэ, хьер щыIэнукъым. КуэджэщIхэр нобэ зыIэщIэтъхэм, абыхэм я унафэщIхэм я нэхъыбэр зыхущIэкъур абы и зехьэнымрэ зыхьумэни хуейр. АрщхьэкIэ хозяйствэхэм я унафэщIхэм ар къафIэ-Iуэхуркъым.

Абы щыгъуэми «Мелиорацэм и Iуэхукlэ» щыIэ Федеральнэ законым Iупщу къыщыпъэтъэгъуащ псыщIэгъэпъадэ системэр хьыссэпыIэзыуд, абы екъэлIа Iэмэпсымэхэр зэхэзыдгъуэхэм тезыр ткIий къаззрытехуэрикIи хабзэмкIэ жэуап зэрахьыр. КъащIэтэмэ, псыщIэгъэпъадэм зэран хуэхъу гъуэгуэкр щаухуэкIэ, телефон, уэздыгъ кIапсэхэр, бжьамиихэр щIым щыщIалъхьэкIэ, Iэмал имыIэу ар зей хозяйствэхэм гурыIуэн хуейщ. КьищынэмыщIауэ, Iэмэпсымэхэр тэмэму зезымыхьэхэм, ахэр хэзыгъэкIуэджэхэм псыуды кIат охуэ, зыдыгъуэхэм уголовнэ жэуап яхь. А псори щIащIэжьыр жылагъуэм и ерыскъы шынагъуэншагъэр яхьумэн папщIэщ.

- Гур къыщIэзыубыдэн псыщIэгъэпъадэ Iуэхум хэмыдыжу ара-тIу?

Х. В.: - АпхуэдэУ

Берлин нэс

Вындыжь КIуолэ Москва ВДНХ-м щыщыIам трахащ.

30 гъэхэм и кIэхэм СССР-кIэ зэдяжу щыта ди къэралыбзухэм пльэныкъо кудэхэмкIэ льэшу зиужьку зуежьат. Фабрикэхэмрэ заводхэмрэ я бжыгъэм хэхъуэ, зэпыит, къуажэдэхэр колхозу зэгуфыкIуэ гъавэ бзэ кIалэхэмкIэ, курортхэр ирагъажьрт, Iэщ я зэхъурт, сабийхэр ирагъажьрт, курортхэр ирагъэфIакIуэрт...

КЪЭРАЛЫМ зиужащу щыхуежьа а лъэхэнэм хиубыдат Сэрмакъ щыщ Вындыжь КIуолэ Алихьан и къуэм и щIалэгъуэ дахэр. Ар мэкъумэш хозяйствэм и звеноводт, пэжыгъэм щыпэрыт. Зы илъэси кьанэрэтхьем зи унафэщI гупым бжыгъэр имыубыду, езым и цIэр фIыкIэ кърамыIуэу.

Дауи, ар кьалъытат и екъулIэныгъэхэм папщIэ 1939 гъэм Мэскуу ВДНХ-м щагъэкIуэм. Союзпсо гъэпсыгъэныгъэм Вындыжьым кьыздрихат абы кьащIыхуагъэфэща саугъэт лъапIэмрэ дипломымрэ. Нэхьри тегушхуауэ колхоз гъащIэм и куупIэм хьыжэжа щIалэм дэнэ щищIэнт илъэсрэ ныкъуэрэ нэхъ дэмыкIыу, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм кьыдащIыпIэну зауэ лыгъэм и хьэзаб псори игъэвину кьызэрипэщытыр.

Хэку зауэшхуэр кьыщыхъеим совет цIыхубэр зыIуI и быну бий бзаджэм пощIоувэ. Адрейхэми хуэдэу, Вындыжь КIуолэ мэкъумэш Iэмэпсымэр Iащэкlэ ехъуэж икIи 1941 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм 143-нэ фочауэ дивизэм и 498-нэ полкым и кьудамэм и командиру зауэм Iуохьэ.

«Хьэпэт абы ипэ махуэхэр. ЩIыпIэмэ, узгуфим, псымкIи мафIэ лыгъэр ирадзами ярейт. Псори зэхэзэрыхьыжати, ихьуреягъкIэ щIыпIалъгъур гуIэгъуэ защIэт. Ди щIалэ кудэхьащIэ абы, бзаджэм и щхьэр зэхэуэу гуащIэхэм халъхьащ, хьыбарнэшхуи щыкIуэдащ. КъэIуэтэжьы-гъуейщ нэгум щIэкIамрэ фэм дэхуамрэ», - и гум кьыгъэкIыжырт Вындыжьым.

1942 гъэм и гъэмахуэкIут. СыткIи лъэшу зэщIэуэзда ейм бжыгъэншэр КIуолэ зыхэт ди дзэхэм ерыщу кьебгъэрыкIуэрт. Фашистхэм куэду къагъэсбэнэт топхэмрэ кьухьлъатэхэмрэ, иужькIэ танк шыкIагъуэжьхэр къауэтIыпщырт. А зэхэуэ гуащIэм адыгэ щIалэр уIэгъэ щыхъуат (и шхужьым шэ кьытехуат), ауэ зы мащIэкIи къэдэхьакIым, псынщIэу лъыр игъэувыIэри, и гуусэхэр тригъэгушхуэу бийм яхэуэу иублэжащ.

Курск дугам дежи щекIуэкIа псэзэпыпльхьэпIэ зауэ хьэпъэ дыдэм КIуолэ кьыщIэпльэгъуа лыгъэмрэ захуагъэмрэ пхуэмыгъэтэным хуэдизщ. Абы щыгъуэ етIуанэу кьальхужауэ жыпIэ хъунущ, сержант нэхъыщIэ Вындыжьым.

Къэхъуар мырат. Ар щебгъэрыкIуэ щIыпIэм кьыщыуа бомбэм и щхьэм фIэкIа кьыхэмыщIыжу КIуолэ щIым щIиват. АпхуэдизкIэ удынышхуэ кьытехуати, псэ хэтыжу кьыпхуэщIэнутэкъым. Фашистхэр щхьэщыхуэ нэужь, яуклуэ кьафIэщIа мо зызымыщIэжьым и бгъэ жьыпим илъ документхэр кьрахри, ахэр зэхуэзыльэсхэм ират. Куэд дымыкIыуи и унагъуэм тхьапэ кьыIэрохьэ. Абы итт: «Хэкум и щхьэхуитныгъэм папщIэ Вындыжьым КIуолэ Алихьан и кьуэдыкIыжьыгъэ хэлъу и псэр итащ».

ГуIэгъуэшхуэт а махуэр Вындыжьхэз я лъэпкъми, абыхэм я Iыхьлыхэми я дежкIэ. Сыт яIэпхI, Iэмал зыкIэщэти, яIэ тIэкIур зэхалъхэри, сэдэкъэ хуэщIащ....

Зэман докIри КIуолэ и письмо мо кьахуокIуэ: «Сыфбгъу, сыуэзынащ, фэ дауэ фIыщIыгъ? - жиIэу иту. И адэ шыпхъуэм мыпхуэдэу хурегъэтхыжь: «УэхэкIуэдауэ тхьпIэ кьэкIуащ, упсэуф пэжжэ, уи сурэт кьыгъегъэхь».

«Зауэр щекIуэкIа губгъуэшхуэм санитарэхэр шызакьуэгукIэ ныкьыхьауэ, хьэдэхэр щхьэхуэу зэхуэхьэсурэ бомбэхэм я герыщу мащIэхэм ирагъэкIуриерт. Сэри абыхэм сахэлъат. Си ехуэхькIэр адрейхэм емыщIыжу кьызэщIыхьуа

Исмел

Хъэбас

Къармэ зэкъуэшхэр

Нобэ хуэдэу си нэгум щIэтщ зы анэм кьиулъху зэкъуэшхэу Исмел, Хъэбас, Iэуес, Тадъостэн сымэ Хэку зауэшхуэм щыкIуа махуэр.

НАГОРНЭ райвоенкоматым и пщIантIэм цIыхур щыIуат. Адыгэ пшынэ бзэрабзэм Iэгур дэлъалъэрт. Сэрмакъ и нэхъыжьхъэм ящыщ зым хъуэхъу гуапэкIэ захуигъэзат зауэм кIуэ щIалэхэм:

- Гъуэгу махуэ, шынэхъыщIэхэ. Нобэ хуэдэу гуфIэгъуэкIэ текIуэныгъэр къэфхьауэ фыкъедгъэблэгъэжьну Тхьэм жиIэ! ФыкьымыкIуэт, «джатэ и щIалэ нанэ щылэкъым», жаIуэ Iэращи, хьет жевгъэIэ! Ди хэкум кьидлэда бийм лъапсэрыхьр кьыхуэвгъэкIуэ.

Нэхъыжьым и псалъэр эпигъэуа нэужь, пшынаэмрэ Iэгуаугъэмрэ нэхъри эрагъэIэт. Къармэхэр я зэкъуэшипIыр утыку кьыщихьэкIэ Iыхьлыхэр Iэгу йоуэ, хэгъэ и нэпсэр кьыфIыщIокI. Нагорнэ районым и военком Жылау Мухэутар а махуэм дзэ къулыкъым хьихьэнухэм я цIэ-унэцIэхэм кьоджэ: «Къармэ Исмел Темболэт и къуэ!». «Сыхьэзырщ», - жэуап ирет. «Къармэ Хьэбас Темболэт и къуэ!». «Сымис!». «Къармэ Iэуес Темболэт и къуэ!». «Сыхьэзырщ!». «Къармэ Тальостэн Темболэт и къуэ!». «СыщыIэщ!».

Къармэ Исмел мэкъумэшыщIэ Iэзэт, пхъэIэщэжь IэкIуэльакIуэт. Абы и вагъэбдзумэр куут, вэщхъуа къыхэкIыртэкъым. И пхъэIэщэр ыдырт, кIуэхьэнцэр и Iэпэгъуэ. Зи бжьакъуэпэжэр льагэ и витIым дапщэщи тхъупс ятекIам хуэдэт. Лы лъахъшэ зэпIэзэрытыр кьаэхэпльэжакъым и бынунэм.

Къармэ Хьэбас щIадэ тхъуэплъ кьIытэхт. Куэд кьыбжIэн фIэфIтэкъым, колхозхэт пашэт. Мазэ бжыгъэт и щхьэтъуэ КIунэ кьызэриигъэзэрыхьуэр. Ильэгъуакъым ныбэм ильу кьигъэна и куэ Чэрим.

Iэуесрэ Тадъостэнрэ колхозхэт щIалэхэт, гушыIэрейхэт. Ахэр фызкъэмышэу Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ. Абыхэм я фэеплъыр эрмакъдэхэсэм яхьумэ. ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр щагъэльапIэкIэ Къармэ зэкъуэшхэм я цIэ-унэцIэр къраIуэ, абыхэм я лIыгъэм щIэблэр щIапIыкI. Сэрмакъ и Ветеранхэм я советымрэ къуажэ администрацэмрэ я унафэкIэ Къармэ зэкъуэшхэм я цIэхэр щыпсэуа уэрамым фIащащ.

КУЭЦУ-ХЬЭIУПIЩЫ Лолэ.



Iэуес



Тальостэн

Вындыжь КIуолэ Москва ВДНХ-м щыщыIам трахащ.

Хъусен и щапхъэ

Пыл Хъусен ящыщащ Сэрмакъ къуажэм кьыщыIэзэуагъэ щыта пэщIэдзэ еджапIэм япэ дыдэу щIэтIысхьахэм, иужькIэ 1936 гъэм ихуэу илъэсибл школыр къыхуэу егъэджакIуэу лэжьэн щIэзыщдзахэм. И ныбжьыр илъэс 90-м щхьэдэхьуу ар а IэнатIэ мытыншым щыIэхьу хужаIэу пэрытащ.

ХЪУСЕН и еджэныр зэи зэпигъэуакъым жыпIэкIэ ущыуэнукъым. Абы и псэм дыкIат и япэ еджакIуэр. Дихьэхат и хьэл-щэн дахэм, Iэмэгъэ куэдым зэрыхищIыкIым, бзэ кьабзэкIэ щэрыуэу зэрыпсалъэм. И зыхуэпэкIэр-щэ?

Пылыр щIэхъуэпсыт абы ещхь хъуну икIи сыт и лъэныкъуэкIи «сурэт» трихыну хущIэкъурт. «УэзыхущIэкъур кьохьулIэ», жаIэ. И еджакIэ, псэлъэкIэ, зыIыгъыкIэ нэгъуэнэ - псомкIи Хъусен и ныбжьэгъуэхэм, классэгъуэхм кьахэщ мэхъу.

А зэманым ди къэралышхуэм щIэныгъэншагъэр щыгъэкIуадыным (ликбезым) щыщIадзат. Ирэ я кьалэн мытынщыр, зэрылажьэм хуэдэу рэ, гъэзэщIынр дзыхь зыхуэщIахэм я пашэу щытащ Пылрэ. Абы езыр зыхиубыдэ бригадэм хэт щIэныгъэншхэм хьэрфхэр ирегъэщIыкIыу, еджакIэ, тхэкIэ ирегъащIэ, а Iэхъум и ныбжь хэкIуэтахэри дрегъэхьэх.

